# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 7-10-класс оқыўшылары арасында “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында спорттың футбол, баскетбол, волейбол, стол теннис, шахмат, шашка, бадминтон түрлери бойынша спорт жарысларының республикалық (финал) басқышын өткериў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы ***«Дене тәрбия ҳәм ғалабалық спортты жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»***ғы ПҚ-3031-санлы, Өзбекстан Респебликасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 30-октябрь күнги ***“Өзбекстан Республикасы ҳүкиметиниң айырым қарарларына спорт клублары хызметин ҳәмде спорт жарысларын өткериў тәртибин жәнеде жетилистириўге қаратылған өзгертиў ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында”***ғы 898-санлы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 19-ноябрь күнги ***“Халықтың саламат турмыс тәризин қоллап–қуўатлаў ҳәм физикалық белсендилигин асырыўға тийисли қосымша ис–илажлары ҳаққында”***ғы 735-санлы қарарлары ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 30-октябрь күнги ***“Саламат турмыс тәризин кеңирек ен жайдырыў ҳәм ғалабалық спортты жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында”***ғы ПФ-6099-санлы Пәрманына муўапық, улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшы-жасларын дене тәрбия ҳәм спортқа жәнеде кеңирек тартыў, физикалық ҳәрекетлерин асырыў, олар арасында дослық байланысларды беккемлеў, руўхый ҳәм физикалық жетискенликке ерисиў зәрүрлиги түсинигин қәлиплестириў, дене тәрбия ҳәм спорт пенен шуғылланыўды оқыўшы-жаслардың күнделик турмыс тәризине сиңдириў, олардың физикалық жақтан жетик, күшли ҳәм саламат болыўына, ҳәрекетли ойынлардың ғалабалығын асырыў, дене тәрбия ҳәм спортты жаслар арасында үгит-нәсият қылыў ҳәмде Ўатанға меҳир-муҳаббат ҳәм өзиниң мәмлекети ушын мақтаныш руўҳында тәрбиялаў ушын, Өзбекстан “Ёшлик” дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети тәрепинен Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары арасында ғалабалық спорт жарысларын өткериў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Орайлық Кеңесиниң 2021-жыл 4-январь күнги тастыйықланған ғалабалық дене тәрбия илажларының календарлық ҳәмде жыллық ис-режелери басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектебиниң 7-10-класс оқыўшылары арасында “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында спорттың **футбол, баскетбол, волейбол, стол теннис, шахмат, шашка, бадминтон** түрлери бойынша спорт жарысларының республикалық (финал) басқышы спорт жарысларын өткериў Нызамы 1-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығын мағлыўмат ушын қабыл етиў, спорт жарысын шөлкемлестириў қурамы 2-қосымшаға, республикалық (финал) басқышларын өткериў ўақытлары, өткериў ушын жуўапкерлер ҳәм төрешилер қурамы 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. **Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:**

-“Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткизилетуғын спорт жарысларына қатнасыўы тийис болған улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары орнына, басқа оқыў орынларының оқыўшыларын, мәкеме ҳәм шөлкемлердиң спортшыларын нызамсыз ҳүжжетлестирип, жарысларға қатнасыўға жол қойған басшы хызметкерлерге Нызам шеңберинде қатаң шара көриў;

- “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткерилетуғын спорт жарысларының республикалық (финал) басқышын өткериў бойынша ис-илажлар ислеп шығыў ҳәм қадағалаў;

-“Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткерилетуғын спорт жарысларының республикалық (финал) басқышын өткериў графиги, төрешилер қурамын тастыйықлаў;

- жарыстың республикалық (финал) басқышын орынларда жоқары дәрежеде өткериў ҳәм пухта таярлық көриў ушын улыўма орта билим бериў мектеплериниң спорт залларын таярлаў, ең жақсы спорт базаларын ажыратыў, спорт буйымлары ҳәм әсбаплары менен тәмийинлеў бойынша жүзеге келген машқалаларды өз ўақтында шешиў;

- “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткерилетуғын спорт жарысының республикалық (финал) басқышында жеңимпаз болған спортшыларды жоқары дәрежеде сыйлықлаў (I,II,III дәрежели дипломлар ҳәм естелик саўғалар) ушын керекли қәрежетлер сметасын ислеп шығыў ҳәмде сметада көрсетилген қәрежетлер менен Өзбекстан “Ёшлик” ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими есабынан өз ўақтында тәмийинлеў;

- “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткерилетуғын спорт жарысының республикалық (финал) басқышын өз ўақтында өткерилиўин қадағалап барыў ҳәм нәтийжелери ҳаққында мағлыўматларды улыўмаластырып белгиленген мүддетте Өзбекстан “Ёшлик” дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Орайлық Кеңесине есабат бериў;

- жарыстың республикалық (финал) басқышын өткерилиўи барысын жергиликли ғалаба хабар қураллары ҳәм социаллық тармақлар арқалы жарытылыўын тәмийинлеў ўазыйпалары жүкленсин.

**4. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:**

- улыўма орта билим бериў мектебиниң 7-10-класс оқыўшыларды республикалық **финал** басқышына бир түрдеги спорт кийимлери менен тәмийинлеў ҳәм жарысқа оқыўшыларды толық қатнастырыў;

- жарысқа барып қайтыўында жол ҳәрекети қәўипсизлигин сақлаў ҳәм жарыс даўамында спортшы-оқыўшылардың ден-саўлығын, қәўипсизлигин ҳәм жәматлик тәртипти сақлаўды тәмийинлеў бойынша тийисли илажлар көриў;

- спорт жарысына қатнасыўшы команда ағзаларына барып келиў жол кирейи, жолдағы аўқатланыўларына жумсалатуғын қәрежетлери менен өз ўақтында тәмийинлеп бериў;

- “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткерилетуғын спорт жарысының республикалық (финал) басқышынына қатнасыўы тийис болған улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары орнына, басқа оқыў орынларының оқыўшыларын, мәкеме ҳәм шөлкемлердиң спортшыларын нызамсыз ҳүжжетлестирип, оларды қатнасыўының алдын-алыў мақсетинде, усы жылдың 10-июнь күнине шекем министр атына **кепиллик хат** бериў ўазыйпалары жүкленсин.

***Улыўма орта билим бериў мектебиниң 7-10-класс оқыўшылары арасында “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткерилетуғын республикалық (финал) басқышына қатнасыўы тийис болған мектеп оқыўшылары орнына, басқа оқыў орынларының оқыўшыларын, мәкеме ҳәм шөлкемлердиң спортшыларын нызамсыз ҳүжжетлестирип, жарысларға қатнасыўға жол қойған басшы хызметкерлерге қатаң шара көрилетуғынлығы ҳәм жумыстан азат етилетуғынлығы белгилеп қойылсын.***

6. Министрликтиң физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжәәтлары менен ислесиў бөлими **(Қ.Бекбаулиев)**не:

- усы буйрықты бир күн мүддетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине жеткериў ўазыйпасы жүкленсин.

7. Министрликтиң баспа сөз хызмети **(Т.Даўлетмуратов)**не:

- усы буйрық пенен берилген тапсырмалар бойынша әмелге асырылып атырған жумысларды, сондай-ақ, өткерилетуғын спорт илажларынан көринислерди министрликтиң расмий веб-сайты (***kkedu.uz***)на жайластырып, кең жәматшиликке жәриялап барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
«02» Июнь 2021-жыл
№ 133

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
«02» Июнь 2021-жыл
133 - санлы буйрығына
1 - қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектебиниң 7-10-класс оқыўшылары арасында “Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз” сүрени астында өткерилетуғын республикалық финал басқышын өткериў бойынша**
**Шөлкемлестириў топар қурамы**

| № | Фамилиясы аты | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1 | Қ.Бекбаулиев | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшысы, шөлкемлестириў топар баслығы |
| 2 | Ш.Таджимуратов | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары, шөлкемлестириў топар баслығы орынбасары |
| 3 | Б.Байниязов | - Өзбекстан “Ёшлик” дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары, ағза |
| 4 | Лаўазымына қарай | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги бөлим баслықлары ҳәм хызметкерлери, барлық район (қала)лық ХББниң кураторлары, ағза |
| 5 | Лаўазымына қарай | - Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары, ағза |

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
«02» Июнь 2021-жыл
133 - санлы буйрығына
2 - қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектебиниң 7-10-класс оқыўшылары арасында "Жазғы дем алысты спорт пенен өткиземиз" сүрени астында өткерилетуғын республикалық финал басқышын өткериў ўақытлары ҳәм өткериў ушын жуўапкерлер дизими**

| № | Спорт түри | Жарыстың өткерилиў орны | Жарыстың өткерилиў ўақты | Жуўапкер төрешилер | Жуўапкер |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Футбол | Нөкис қаласы «Туран» стадионы | 4-август 2021-жыл | Қ.Садиров | Б.Байниязов Б.Бекмуратов Р.Кадиров |
| 2 | Баскетбол | Нөкис қаласы РОТБхЖАҚЖӨСМ спорт базасында | 5-6-август 2021-жыл | В.Гусев Х.Баймуратова | Б.Байниязов Б.Бекмуратов Р.Кадиров |
| 3 | Волейбол | Нөкис қалалық 1-санлы ЖӨСМ (Манеж) | 7-август 2021-жыл | Б.Мамбеткаримов А.Айымбетова | Б.Байниязов Б.Бекмуратов Р.Кадиров |
| 4 | Стол тенниси | Нөкис қаласы РОТБхЖАҚЖӨСМ Теннис базасында | 6-август 2021-жыл | Б.Уразов | Б.Байниязов Б.Бекмуратов Р.Кадиров |
| 5 | Шахмат | Нөкис қалалық «Баркамал әўлад» орайында | 6-7-август 2021-жыл | Д.Алланазаров | Б.Байниязов Б.Бекмуратов Р.Кадиров |
| 6 | Шашка | Нөкис қалалық «Баркамал әўлад» орайында | 6-7-август 2021-жыл | Д.Алланазаров | Б.Байниязов Б.Бекмуратов Р.Кадиров |
| 7 | Бадминтон | Нөкис турмыс хызмет көрсетиў кәсип-өнер колледжи бадминтон спорт залында | 5-август 2021-жыл | Н.Аметов | Б.Байниязов Б.Бекмуратов Р.Кадиров |